

# Sibvansyon Lojman nan Massachusetts: Etap Debaz yo

**Sant Fòmasyon Pou Konsomatè Lojman** (nou sigjere w kòmanse rechèch ou a la a)

**Sant Fòmasyon Konsomatè Lojman yo (HCEC yo)**, ke yo rele tou **Rezo Lojman Rejyonal Oubyen San Pwofi Rejyonal**, se ajans kle ki ka ede w konprann opsyon lojman ki sibvansyone ak kijan pou w aplike.

Pou w jwenn HCEC ki nan lokalite w la vizite **Lojman Rejyonal Rezo Massachusetts** sou entènèt: [masshousinginfo.org/](http://masshousinginfo.org/)

## Ajans ki Ka Ede

Nou konseye w kòmanse avèk HCEC lokal ou a (gade anlè a). Malerezman, nesesite pou defansè lojman yo pi plis ke òf la. Men lòt ajans anplis ou ka eseye:

- **Ajans Aksyon Kominotè yo** - Lis ajans aksyon kominotè lokal ki ede avèk rechèch lojman ak/oswa defans: [masscap.org/programs/housing-programs/](http://masscap.org/programs/housing-programs/) oswa rele 617-357-6086.
- **Sant Vi Endepandan (pou moun ki gen andikap)** - Konsèy Vi Endepandan nan Echèl Massachusetts, rechèch pa vil: [masilc.org/findacenter](http://masilc.org/findacenter)) oswa gade lis ajans yo nan: [masilc.org/membership/cils](http://masilc.org/membership/cils) oswa rele 508-620-7452 (Vwa/TTY).
- **Commonwealth Land Trust Intake Tuesdays** - Ka ede moun Boston nan domèn sèvis Administrasyon Lojman avèk aplikasyon yo.
  - Pou w kalifye ou dwe se yon moun ki pa gen kay, k ap viv nan yon abri pwovizwa (oswa chanjman sityasyon lavi tankou rete nan yon sant tranzisyon), ak genyen yon andikap. Ou **DWE** reponn **ak tout twa kritè sa yo pou** w kalifye.
  - Li fèt chak Madi soti 10:00AM-2:00PM nan 1059 Tremont St. Boston, MA 02120. Ou pa bezwen pran randevou. (2/24)

## Resous ki Ka Ede

Men kèk resous anplis pou ede w nan rechèch kay ou a:

- **CHAMP (Pwogram Demann Lojman Komen Massachusetts) (Common Housing Application for Massachusetts Programs)**  
[publichousingapplication.ocd.state.ma.us/](http://publichousingapplication.ocd.state.ma.us/)

- Ou ka itilize sit sa a pou w aplike pou èd lojman piblik leta ak pwogram Bon Lojman Altènatif la (Alternative Housing Voucher Program - AHVP).
- Ou kapab itilize CHAMP pou gade nenpòt ki aplikasyon ki ekziste ke w te soumèt epi lè w fin aplike ou ka mete aplikasyon pou Lojman Piblik ou a ajou (tankou yon chanjman adrès) sou sit entènèt CHAMP lan.

Sonje: Pwopriyete ke gouvènman Federal finanse gen pwòp aplikasyon yo (gade anba a)

- **Administrasyon Lojman Lokal (LHA)**

[mass.gov/service-details/local-housing-authority-contact-listing](https://mass.gov/service-details/local-housing-authority-contact-listing)

Kontakte Administrasyon Lojman Lokal la pou nenpòt ki vil ou ta enterese viv ladan pou w fè demand aplikasyon pou lis atant lojman ke gouvènman federal finanse ak aplikasyon pou lòt pwogram. Gade *kote pou w Aplike* a anba a pou jwenn eksplikasyon pou lòt pwogram sa yo.

- **Massachusetts Navigatè Lojman**

[search.housingnavigatorma.org/](https://search.housingnavigatorma.org/)

Yon baz done ke moun ka konsilte sou lwaye ki gen kondisyon revni nan eta a. Li gen ladan 1 yon lis konplè lojman piblik, sibvansyone ak kredi enpo.

- **Housingworks.net-** Eseye itilize [housingworks.net](https://housingworks.net) pou w **jwenn lis atant ki louvri yo ak telechaje aplikasyon yo gratis.** (Asire w ke ou limite rezulta rechèch yo ak “Sibvansyone” si w gen yon revni ki fèb, oswa ak “Abòdab” si w gen yon bon revni.)

- **Metrolist ak jounal lokal yo:** Lè konpayi jesyon prive ak konstriktè fè nouvo apatman ki abòdab oswa sibvansyone, lalwa egzije yo pou yo ranpli inite sa yo atravè yon lotri ke yo anonse piblikman.

- **Metrolist:** [boston.gov/metrolist/search](https://boston.gov/metrolist/search)

Metrolist genyen yon lis anpil lotri ki pral fèt nan zòn Boston oswa opòtinite pou lojman.

- **Jounal:** Yo souvan fè piblisite pou lotri yo nan jounal sou papye, verifye sou entènèt oswa nan bibliyotèk piblik ou a, kote yo fè lesiv ki nan lokalite w la, sant transpò piblik, elatriye.

## Kalifikasyon Finansye

Ou ka kalifye pou lojman ki sibvansyone si ou fè pi piti ke yon sèten montan nan Zòn Revni Mwayen an (chèche pou 2024 pa rapò ak kote ou abite:

[huduser.gov/portal/datasets/il/il2022/2022summary.odn](https://huduser.gov/portal/datasets/il/il2022/2022summary.odn)) Si revni w se nivo “Revni Ekstrèmeman Fèb” ou ka kalifye. Gen kèk pwogram ki aksepte moun ki gen nivo “(50%) Revni ki Trè Fèb”, epi gen kèk ki aksepte nivo limit “(80%) Revni Fèb”. Mande pou limit revni pwogram lan avan w aplike.

## Ki kote pou w aplike

**Genyen plizyè tip sibvansyon lojman diferan, e malerezman, pa gen sèl kote ou ka aplike pou tout. Malerezman, yo tout gen lis atant ki long.** Nou ankouraje w aplike plizyè kote ke w kapab (men sèlman nan kominate oswa katye kote w ap abite).

**Konsilte sit entènèt Mass.gov la pou yon apèsi k ap ede w:** [mass.gov/service-details/a-guide-to-obtaining-housing-assistance](https://mass.gov/service-details/a-guide-to-obtaining-housing-assistance)

Sa a se yon brèf eksplikasyon ki soti sou sit entènèt anlè a; men n ap rekòmande w kontakte HCEC lokal ou a pou plis enfòmasyon ak konsèy pou sitiyasyon pa w la. **Lis sa a PA gen tout opsyon lojman yo ladan.**

## Aplike pou pwogram nan Administrasyon Lojman Lokal (LHA yo)

Administrasyon Lojman Lokal jere pwogram sa yo:

- **Lojman Piblik** – Genyen diferan tip lojman piblik ki disponib tankou lojman pou fanmi, pou moun ki granmoun ak sèten moun ki gen andikap. Genyen yon ti kras kantite lojman piblik ki disponib pou yon sèl moun ki gen mwens ke 60 lane san okenn andikap oswa san pitit. Direktiv sou kalifikasyon pa rapò ak revni yo varye.  
Ou ka aplike nan nenpòt ki kominate, byenke yo ka bay priyorite ak moun k ap viv oswa k ap travay la. **Lis atant pou lojman piblik yo gendwa long, men pi kout ke tann lòt tip lojman ki sibvansyone.**  
Sonje: Gendwa gen aplikasyon ki apa pou differan pwopriyete lojman piblik ki nan menm administrasyon lojman lokal.
- **Seksyon 8** - kounye a gen yon lis atant ki santralize ki gen 99 patisipan administrasyon lojman lokal (sou 253 LHA nan eta a). Ou bezwen sèlman aplike pou youn nan administrasyon sa yo pou yo konsidere w pou tout 99 la. Pou w jwenn yon aplikasyon oswa pou w aplike sou entènèt pou lis santralize a vizite [section8listmass.org](https://section8listmass.org). Ou ka aplike tou pou chak LHA ki pa patisipe nan lis santralize a. Gen kèk LHA pa gen yon pwogram Seksyon 8, oswa lis atant yo a ka fèmen. **Sonje: Lis atant seksyon 8 yo trè long. Atant lojman piblik yo gen tandans pi kout.** Gade anlè a.
- **Pwogram Bon Lwaye nan Massachusetts (Massachusetts Rental Voucher Program)**
- **Pwogram Bon Lojman Altènativ Massachusetts (Massachusetts Alternative Housing Voucher Program)** (pou moun ki gen andikap ki gen mwens ke 60 lane)

Jwenn yon Administrasyon Lojman Lokal nan [hedfuel.azurewebsites.net/](https://hedfuel.azurewebsites.net/) oswa [mass.gov/service-details/local-housing-authority-contact-listing](https://mass.gov/service-details/local-housing-authority-contact-listing).

**Jwenn lis Atant ki Louvri yo epi Telechaje Aplikasyon yo - Housingworks.net-** Eseye itilize [housingworks.net](https://housingworks.net) pou w **jwenn lis atant ki louvri yo epi telechaje aplikasyon yo gratis.** (Asire w ke ou limite rezulta rechèch yo ak “Subsidized” si w gen yon revni ki fèb, oswa ak “Affordable” si w gen yon bon revni.)

## Aplike sou yon Regional Non-Profit la

- **Sektion 8** – si w aplike nan youn nan ajans lojman rejyonal yo, yo pral mete non w nan yon lis atant Seksyon 8 leta ke Ministè Lojman ak Developman Kominotè (DHCD) jere. Lis atant sa yo long anpil, men yo toujou louvri. DHCD pa itilize preferans pou nenpòt ki aplikan ki gen yon revni ki 30% oswa pi piti ke zòn revni mwayen an. Aplikasyon sa a disponib nan HCEC lokal ou a, epi li apa parapò ak Lis atant Seksyon 8 santralize a

- **Initi Okipasyon yon Sèl Chanm (SRO)** - Jeneralman sa yo se yon sèl chanm ki nan menm etablisman yo. Kèk organizayon rejyonal ki pa gen entansyon fè lajan gen yon ti estòk initi ki gen yon seksyon 8 ki atache ak yo. Gen kèk kominate (tankou Cambridge ak Somerville) genyen lis SRO yo disponib pou sila yo k ap viv oswa travay nan kominate a. Verifye nan meri w la.
  - Ni HousingWorks ak MetroList pèmèt itilizatè yo chèche SRO:  
[housingworks.net/](http://housingworks.net/) ak [boston.gov/metrolist](http://boston.gov/metrolist)
- **Jwenn Regional Non-Profit lokal ou a: [masshousinginfo.org/](http://masshousinginfo.org/) Aplike nan Chak Konpayi Jesyon oswa Chak Etablisman**

Lojman pou fanmi ki gen anpil moun (**Multifamily housing**) Gouvènman Ameriken ak Massachusetts ofri konstriktè yo ankourajman pou yo ofri kèk apatman ki abòdab nan etablisman yo. Genyen plizyè tip pwogram lojman diferan pou fanmi ki gen anpil moun nan Massachusetts, chak gen pwòp règleman pa yo, limit revni, ak restriksyon sou abòdabilite.

#### Lis initi lojman pou fanmi ki gen anpil moun:

- **Developman HUD - Lojman Sibvansyone pou Fanmi ki Gen Anpil Moun** (gouvènman federal finanse)
 

Pou wè lis apatman pou fanmi ki gen anpil moun ki sibvansyone gade [apps.hud.gov/apps/section8/](http://apps.hud.gov/apps/section8/) (oswa rele Biwo Rejyonal HUD's New England nan 617-994-8200 ext. 3.
- **MassHousing – Lojman Sibvansyone Leta pou Fanmi ki Gen Anpil Moun (Sibvansyon Jeneralman ki trè enpòtan)**

Sonje: to lwaye sa yo fikse, e yo PA fè okenn ajisteman pa rapò ak revni w. Aplike pou kay ou enterese (yo). Initi sa yo nan lis ki nan ti liv **Lis Lojman MassHousing**, ke w ka jwenn sou: [masshousing.com](http://masshousing.com) (Klike **Renters (Lokatè)** nan tèt anlè epi aprè sa klike **Housing List (Lis Lojman)**).
- **Initi Kredi taks:** Initi kredi taks gen tandans ofri yon sibvansyon ki pi ba ke lòt opsyon yo ki diskite la a epi yo ka pi apwopriye pou sila yo ki gen yon ti kras revni ki pi wo. Chèche initi Kredi Taks Deferal: [lihtc.huduser.gov/](http://lihtc.huduser.gov/) (Epitou konsilte Navigatè Lojman Massachusetts ki anlè a).

## Lòt Resous

- **Sant Repo**  
 Kritè Sant Repo yo ka varye, men jeneralman Sant Repo yo se pou moun ki gen 62 lane ak plis, ki gen yon andikap oswa pwoblèm medikal. Sant Repo yo bay manje, lesiv, aktivite ak travay nan ti anviwònman tankou kay pou sila yo ki pa bezwen swen nan sant retrèt. Moun yo dwe endependan gen aktivite lavi chak jou yo.
  - Vizite Massachusetts Association of Residential Care Homes (MARCH) pou w konnen plis epi chèche yon Sant Repo: [maresidentialcarehomes.org/for-family-and-caregivers/find-a-home/](http://maresidentialcarehomes.org/for-family-and-caregivers/find-a-home/)
- **Kowoperativ Lojman**  
[coophousing.org/living-in-a-housing-cooperative/](http://coophousing.org/living-in-a-housing-cooperative/)

Yon kowoperativ lojman fòme lè moun yo ini yo sou yon baz demokratik pou yo genyen oswa kontwole lojman an ak/oswa etablisman kominotè kote y ap viv la.

## Priyorite ak Preferans (Enpòtan! Tanpri li avèk atansyon)

Dèske gen plis moun ki aplike pou lojman publik ak sibvansyone ke apatman ki disponib, lalwa egzije diferan pwogram lojman pou etabli preferans ak priyorite pou sèten moun ki gen estati espesyal oswa bezwen lojman ijan. **Priyorite ak preferans (ke yo rele pafwa “lojman ijans”) ka fè w avanse pi rapid nan yon lis atant** oswa pèmèt ou rante nan yon lis datant ki fème, **men yo PA ba ou lojman imedya.**

**Preferans yo ap varye nan diferan pwogram lojman.** Preferans ki parèy:

- Rezidan lokal yo (w ap viv **oswa travay** nan kominate a)
- Viv nan abri pwovizwa oswa nan lari oswa yo sou wout degèpi w san se pa fòt ou
- Ijans medikal grav
- Veteran
- Moun k ap sibi vyolans domestik

**Mande yon lis preferans ak pwiyorite ekri nan chak kote w ap aplike** epi mande kijan ou ka monstre ou kalifye pou nenpòt ki dekri sityasyon w lan.

**Plis enfòmasyon:** [masslegalhelp.org/housing/priorities-and-preferences](http://masslegalhelp.org/housing/priorities-and-preferences)

## Pou Moun ki Gen Andikap

Gade Sant Vi Endepandan ak **Massachusetts Navigatè Lojman** nan Resous yo ki Ka Ede seksyon an kòmanse nan paj 1 an. Epitou gade Pwogram Bon Lojman Altènatif Massachusetts (Massachusetts Alternative Housing Voucher Program) anba seksyon LHA ki anlè a.

- **Si w bezwen yon chanjman fèt nan yon aspè fizik lakay ou oswa yon chanjman nan règleman/politik akoz andikap ou,** Jeneralman, founisè lojman yo gen yon obligasyon pou yo fè modifikasyon ak aranjman ki rezonab. Sa yo konsidere “rezonab” la varye selon dosye a. Pou plis enfòmasyon, kontakte Biwo Andikap MA nan 617-727-7440 epi swiv vwa a oswa soumèt yon demand sou entènèt nan [mass.gov/forms/contact-us](http://mass.gov/forms/contact-us).
- **Pwogram Lojman Adaptatif Komisyón Reyabilitasyon Massachusetts (Massachusetts Rehabilitation Commission Adaptive Housing Program)** bay sèvis evalyasyon lojman, sèvis achitekti, modifikasyon kay ak enstalasyon ekipman pou moun ki gen andikap yo. Pou plis enfòmasyon, rele 617-204-3851.

## Degèpisman

Moun k ap viv Boston sèlman: **Biwo Estabilite Lojman Boston - ofri konsiltasyon nan nwit sou dwa lokatè a, medyasyon ak rezolisyon diskisyon ant pwopriyetè a ak lokatè a ak plis. Rele 617-635-4200, Lendi-Vandredi, 9am -5pm oswa ranpli fòmilè kontak la nan:**

[boston-dnd.my.site.com/OfficeofHousingStabilityBoston/s/?language=en\\_US](http://boston-dnd.my.site.com/OfficeofHousingStabilityBoston/s/?language=en_US).

- Epitou gade Gid Degèpisman Boston an nan:  
[boston.gov/sites/default/files/document-file-09-2017/eviction\\_guide\\_2017.pdf](http://boston.gov/sites/default/files/document-file-09-2017/eviction_guide_2017.pdf).

- **Pwogram Medyasyon** travay pou rezoud dispit ant pwopriyetè yo ak lokatè yo ki ta ka lakoz degèpisman. Pou w jwenn pwogram lan nan zòn ou an rele Liy dirèk Kliyantèl Pwokirè Jeneral la nan 617-727-8400.

- **Sèvis Jiridik Greater Boston Massachusetts Defans kont Degèpisman (MADE)**  
[gbls.org/MADE](http://gbls.org/MADE)

MADE se yon zouti gid entèvyou gratis pou ede lokatè Massachusetts yo defann yo kont yon degèpisman nan tribinal. Aprè itilizasyon entèvyou a sou entènèt, yon repons ak lòt pledwari kreye ke lokatè a aprè sa ka depoze plent tribinal.

**Sonje:** MADE la pou itilize aprè yon lokatè Massachusetts resevwa yon konvokasyon ak yon plent.

- **Èd Jiridik Dèpisman Massachusetts**  
[evictionlegalhelp.org/find-legal-help/](http://evictionlegalhelp.org/find-legal-help/)

Resous pou Rezidan Massachusetts ki sou wout pou yo degèpi yo.

- **Pwen Aksè Sèvis ki La Lontan (ASAP yo)**

ASAP yo se òganizasyon sèvis nan Massachusetts ki la lontan. ASAP ka asiste nan kèk ka degèpisman. Jwenn ASAP lokal ou a sou:

[mass.gov/location-details/aging-services-access-points-asaps-in-massachusetts](http://mass.gov/location-details/aging-services-access-points-asaps-in-massachusetts)

- **Gid Lokatè MA kont Degèpisman:**

[mass.gov/guides/tenants-guide-to-eviction](http://mass.gov/guides/tenants-guide-to-eviction)

## Konsèy sou Rechèch Lojman

1. **Pa dekoraje.** Aplike nan plizyè lis pran efò ak pasyans. Eseye sonje ke plis ou mete non w nan lis atant yo, se plis chans ou genyen pou w jwenn lojman ki abòdab nan tan ki apwopriye.
2. **Soumèt aplikasyon yo epi verifye yo.**
  - Ranpli aplikasyon an byen epi konplè (make nenpòt ki kesyon ki pa aplikab pou ou “N/A” (pou “pa aplikab”).
  - Kenbe yon kopi aplikasyon an.
  - Ale nan biwo lapòs epi voye aplikasyon an pa lapòs avèk demand pou yo voye yon resi tounen.
    - Atache kopi resi a nan kopi aplikasyon an.
    - Lè w jwenn resi a pa lapòs asire w ke ou atache l nan konpi aplikasyon ki nan dosye w yo.
  - Tann 2 - 4 semèn epi rele epi mande si yo te resevwa l e ki estati lis atant ou a.
3. **Swiv kote ou aplike a epi fè yo konnen si w demenaje oswa si sityasyon w chanje.** Ou ta dwe bay nouvo adres ou a nan chak kote ou te aplike pou evite ou pèdi yon òf oswa pou evite yo retire w nan lis atant lan. Si kounye a ou ka kalifye pou yon preferans li pa twò ta pou w aplike - mande yo kijan.
4. **Prepare yon istwa lojman 5 lane.** Gen kèk aplikasyon k ap mande enfòmasyon sa yo avan, pifò aplikasyon yo pral mande enfòmasyon sa yo lè w rантre nan pwosesis final la. Bay verite; yo pral mande pou yo verifye kote w rete. Li nòmal si yo te pase sou ou, pa nan yon lwaye, oswa rete yon kote pou yon ti tan.

**5. Prepare pou yon òf.** Kounye a se moman pou w elimine tout obstak ki anpeche w siye yon lwaye.

- Lè w rive nan tèt yon lis atant, espere pwopriyetè a verifye istwa kredi w, verifye yon dosye kriminèl (CORI) epi kontakte pwopriyetè w te gen avan yo. Si w espere ka gen yon pwoblèm ou ta dwe pale avèk yon avoka nan yon ajans Sèvis Jiridik: [masslegalservices.org/FindLegalAid](http://masslegalservices.org/FindLegalAid) oswa, pou sila yo ki gen dosye kriminèl, Sèvis Jiridik Greater Boston CORI ak Pwojè Re-Antre: [gbls.org/our-work/cori-and-re-entry-project](http://gbls.org/our-work/cori-and-re-entry-project). Plis enfòmasyon: [masslegalhelp.org/housing/l1-pullout-2-tenant-screening.pdf](http://masslegalhelp.org/housing/l1-pullout-2-tenant-screening.pdf) (feyè) ak [masslegalhelp.org/housing/l1-chapter-2-tenant-screening.pdf](http://masslegalhelp.org/housing/l1-chapter-2-tenant-screening.pdf) (chapit konplè).
- **Prepare pou w pwouve revni, idantite, kote w rete, elatriye.** Rasanble dokiman tankou fich pèman oswa lèt sekirite sosyal, yon kopi batistè w ak/oswa kat sekirite sosyal ou ak ID Massachusetts oswa pèmi kondwi. Plis enfòmasyon: [masslegalhelp.org/housing/applying#question\\_7](http://masslegalhelp.org/housing/applying#question_7)

## Moun ki Pa Sitwayen Ameriken

Gade [masslegalhelp.org/housing/eligibility](http://masslegalhelp.org/housing/eligibility) oswa mande travayè sosyal ou a dokiman Siplementè-pou akonpnye: **Opsyon pou Moun ki Pa Sitwayen Ameriken.**

## Sous E pou Plis Enfòmasyon

- [masslegalhelp.org/housing/finding-housing](http://masslegalhelp.org/housing/finding-housing)
- [mass.gov/service-details/a-guide-to-obtaining-housing-assistance](http://mass.gov/service-details/a-guide-to-obtaining-housing-assistance)
- [chapa.org/sites/default/files/CHAPAHousingSearchGuide2013\\_2.pdf](http://chapa.org/sites/default/files/CHAPAHousingSearchGuide2013_2.pdf)

Revize 3/24